

Colloque International

Créole, éducation et langues d'enseignement en Haïti *Hommage au Professeur Yves Dejean*

Port-au-Prince, 15, 16 et 17 avril 2015

Université d'Etat d'Haïti

Appel à communications

La contribution de Yves Dejean est considérable dans la communauté linguistique haïtienne et mérite d'être reconnue et analysée comme telle. C'est dans cette perspective que se situe ce colloque international « **Créole, éducation et langues d'enseignement en Haïti : Hommage au professeur Yves Dejean** ». *Le problème linguistique haïtien*, pour reprendre une expression de Pradel Pompilus (1985), est très présent dans les travaux de Yves Dejean qui traitent de diverses thématiques, aux premiers rangs desquelles :

1. description linguistique du créole haïtien sur les plans morphosyntaxique, phonologique, graphique ;
2. place du créole dans le système éducatif haïtien ;
3. analphabétisme et alphabétisation en Haïti.

L'œuvre de Dejean couvre une quarantaine d'années de réflexions et de productions autour du créole et des problèmes linguistiques du pays. On y trouve notamment : *Dilemme en Haïti : français en péril ou péril français ?* (1975), *Yon lekòl tèt anban nan yon peyi tèt anba* (2006, 2013), *Comment écrire le créole d'Haïti* (1977 et 1980) ; *Ann aprann òtograf kreyòl la* (1986) ; *Notre créole à nous* (1993) ; « Overview of the language situation in Haiti » (1993) ; *Alfabetizasyon ak konsyans kritik Keksyon ak repons epi Alfabetizasyon san manti, manti san alfabetizasyon* (1995) ; *Alphabétisation : Mythes et réalités* (1997) ; « L'archipel nous revient créolistes et données » (1999) ; « The Native Language as a Medium of Instruction An Issue Revisited » (1999), *Créole, école, rationalité* (2001).

L'engagement de Dejean pour l'emploi du créole comme langue d'enseignement à tous les niveaux de l'éducation en Haïti n'est plus à démontrer. Le passage par la scolarisation en langue maternelle est, selon lui, le premier pas vers une école de qualité (Dejean, [2006], 2013).

Yves Dejean est le premier à enseigner la linguistique en créole en Haïti. Son attitude vis-à-vis des langues, ses cours de linguistique et ses conférences ont littéralement réorienté, voire modifié les comportements et rapports des intellectuels haïtiens vis-à-vis de leurs langues dans un sens positif.

Proposer des réflexions critiques sur cette œuvre en ce moment où la question linguistique haïtienne prend une autre tournure avec la création de l'Académie du créole haïtien prévue par l'article 213 de la Constitution haïtienne de 1987 amendée permettra d'analyser et d'apporter des éclairages sur ses travaux en rapport avec ses positionnements vis-à-vis de cette institution et de la situation sociolinguistique de la langue créole.

Quelle est l'incidence de l'œuvre de Dejean dans les domaines de la linguistique, de l'éducation et de l'alphabétisation en Haïti ? En quoi consiste l'apport théorique de Yves Dejean ? En quoi ses points de vue théoriques ont-ils fait avancer les débats au niveau de la créolistique ? Comment Dejean a-t-il contribué à l'établissement d'un système graphique plus ou moins unanimement accepté dans la communauté haïtienne tant locale que diasporique ? Comment les réflexions de l'auteur dans *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* ([2006], 2013), par exemple, pour l'orientation linguistique du système éducatif haïtien ont-elles été reçues ?

Les propositions doivent tenir compte de trois (3) axes tirés de la problématique traitée par les travaux de Yves Dejean :

A. Description du créole haïtien et des langues créoles ;

B. Langues, politique linguistique et éducation formelle en Haïti ;

C. Alphabétisation en Haïti : bilan, enjeux et perspectives.

De nombreux chercheurs traitent ces thématiques. Citons, par exemple, la thèse de Suzanne Comhaire Sylvain (1936) sur la description morphologique et syntaxique du créole ; la *Philologie créole* de Jules Faine (1937) ; *Haitian Creole Sound-System, Form-Classes. Texts* de Gérard Férère (1974) ; *Comment écrire le créole d'Haïti* de Yves Dejean (1977, 1980) ; *Langues, éducation et société en Haïti* de Pierre Vernet (1984) ; *Créole et Enseignement Primaire en Haïti* de Albert Valdman et Yves Josphe (dir.) (1980) ; *Creole grammars and acquisition of syntax : The case of Haitian* de Michel DeGraff (1992) ; *Aspects de la phonologie du créole haïtien* de Jean Robert Cadely (1994) ; *Creole Genesis and the Acquisition of grammar: the case of Haitian Creole* de Claire Lefebvre (1998) ; *Contribution à l'étude de la genèse d'un créole : L'Atlas Linguistique d'Haïti, cartes et commentaires* de Dominique Fattier (1998) ; *Linguistique et créolistique : Univers créoles 2* de Claudine Bavoux et Didier de Robillard (dir.) (2002) ; *Haitian Creole-English Bilingual Dictionary* de Albert Valdman (dir.) (2007) ; *Syntaxe créole comparée* de Robert Damoiseau (2005, 2012) ; *Grammaires créoles et grammaire comparée* de Anne Zribi-Hertz et Karl Gadelli (2007) ; *Aspects de la syntaxe de l'haïtien* de Herby Glaude (2012). Mais, il reste encore de profondes réflexions à conduire en vue d'une meilleure compréhension du fonctionnement de cet idiome parlé par les Haïtiens. Ce colloque nous offre l'occasion d'avancer encore dans cette voie.

L'objectif majeur de ce colloque qu'organisent les laboratoires de recherche LADIREP (Langages, Discours et Représentations) et LES / URPP (Langue, Société et Education / Unité de Recherche Pradel Pompilus) de l'Université d'Etat d'Haïti est de parvenir à la publication

d'un ouvrage en hommage au Professeur Dejean, au regard de sa contribution au développement de la recherche linguistique en Haïti et à la problématique de la langue d'enseignement à l'école en Haïti. À l'occasion même du colloque, nous envisageons de recueillir les contributions pour la composition de cet ouvrage.

Parmi les sujets qui pourraient être abordés, citons, à titre indicatif :

- Phonologie, morphologie, sémantique, syntaxe des langues créoles ;
- Etudes diachroniques des langues créoles ;
- Emploi des langues à l'école et à l'université ;
- Développement des programmes de *littéracie* et de *numéracie* à l'école en Haïti ;
- Etat des recherches sur les corpus du créole haïtien ;
- Aménagement et politique linguistique ;
- Académie du créole haïtien et le développement de la langue ;
- Alphabétisation et le développement du créole haïtien ;
- Pratiques du créole haïtien dans les communautés diasporiques.

Les propositions portant sur la description du créole haïtien (mais aussi d'autres créoles, notamment atlantiques) sur les plans phonologique, morphologique, sémantique, syntaxique sont vivement encouragées.

La soumission des propositions de communication ou d'ateliers anonymes, en créole haïtien, en français ou en anglais, se fera en police Times New Roman 12, interligne simple, sous forme d'un résumé de **3000 caractères ou 500 mots** maximum (références incluses) à envoyer au comité d'organisation au format .doc par courriel à l'adresse : colloque.dejean@gmail.com

En Objet du courriel, vous indiquerez votre nom suivi de la mention Colloque Dejean résumé

Le corps du message comprendra les éléments suivants :

- Nom de l'auteur ou noms des auteurs
- Affiliation institutionnelle
- Titre du résumé
- 5 mots-clés

Après évaluation, l'acceptation ou le refus de la proposition de communication sera notifiée avant le **15 octobre 2014**.

Calendrier des activités

10 juin 2014	Lancement de l'appel à communications
---------------------	---------------------------------------

15 septembre 2014	Date limite d'envoi des propositions de communication
Avant le 15 novembre 2014	Réponse du comité d'organisation
15, 16 et 17 avril 2015	Tenue du colloque à l'Université d'Etat d'Haïti

Les langues du colloque sont le créole, le français et l'anglais.

Comité d'organisation

John Picard BYRON (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Rogéda Dorcé DORCIL (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Gilberte FEVRIER (Université Québec a Montréal, Canada)
Herby GLAUDE (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Renauld GOVAIN (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Rochambeau LAINY (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Joseph Georges MARCEL (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)

Comité scientifique

Jean-Robert CADELY (Florida International Université, Floride, USA)
Robert DAMOISEAU (Université des Antilles et de la Guyane, France)
Michel DEGRAFF (Massachussets Institute of Technology, USA)
Yves DEJEAN (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Gilberte FEVRIER (Université Québec a Montréal, Canada)
Guillaume FON SING (Université Paris Diderot, France)
Herby GLAUDE (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Renauld GOVAIN (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Rochambeau LAINY (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Michael RINN (Université Bretagne Occidentale, France)
Juliette FACTHUM-SAINTON (Université des Antilles et de la Guyane, France)
Frédéric TORTERAT (Université de Nice, France)
Albert VALDMAN (Indiana University, USA)

Kòlòk entènasyonal

Kreyòl, edikasyon ak lang ansèyman ann Ayiti Omaj pou pwofesè Yves Dejean

Pòtoprens, 15, 16 ak 17 avril 2015

Inivèsite d Eta d Ayiti

Apèl pou kominiksyon

Pwofesè Yves Dejean reyalize anpil travay ak refleksyon ki gen valè nan kominote linguistik ayisyen an. Se yon seri zèv moun dwe konnen epi analize. Se nan lojik sa a nou ap òganize kòlòk entènasyonal «**Kreyòl, edikasyon ak lang ansèyman ann Ayiti : Omaj pou pwofesè Yves Dejean**» an. *Pwoblèm linguistik ayisyen an* – pou nou prete yon espresyon Pradel Pompilus (1985) – toupatou nan travay Yves Dejean yo ki apiye sou divès tematik tankou :

1. deskripsyon kreyòl ayisyen sou plan mòfosentaksik, fonolojik, grafik ;
2. plas kreyòl nan sistèm edikatif ayisyen an ;
3. analfabetis ak alfabetizasyon ann Ayiti ;

Zèv Dejean yo chita sou yon karantèn ane refleksyon ak pwodiksyon sou kreyòl ak lòt pwoblèm linguistik ann Ayiti. Ladan yo nou jwenn: *Dilemme en Haïti : français en péril ou péril français ?* (1975), *Yon lekòl tèt anban nan yon peyi tèt anba* ([2006], 2013), *Comment écrire le créole d'Haïti* ([1977], 1980) ; *Ann aprann òtograf kreyòl la* (1986) ; *Notre créole à nous* (1993) ; « Overview of the language situation in Haiti » (1993) ; *Alfabetizasyon ak konsyans kritik Keksyon ak repons epi Alfabetizasyon san manti, manti san alfabetizasyon* (1995) ; *Alphabétisation : Mythes et réalités* (1997) ; « L'archipel nous revient créolistes et données » (1999) ; « The Native Language as a Medium of Instruction An Issue Revisited » (1999), *Créole, école, rationalité* (2001).

Tout moun konnen angajman Dejean pou itilizasyon lang kreyòl la nan tout nivo nan sistèm edikatif ayisyen an. Yon eskolarizasyon nan lang matènèl, selon li, se yon premye pa pou yon pi bon lekòl ki chita sou bon jan kalite edikasyon ak fòmasyon pou moun ki frekante li yo (Dejean, [2006], 2013).

Yves Dejean se premye moun ki anseye linguistik an kreyòl ann Ayiti. Jan li viv 2 lang ofisyèl Ayiti yo (kreyòl ak franse), kou linguistik li yo ak konferans li yo sèvi pou dekonplekse entèlektyèl ayisyen ki pa twò danse kole ak lang kreyòl la.

Nan yon moman kote kesyon linguistik ayisyen an pran yon lòt wout ak kreyasyon Akademi kreyòl ayisyen an, jan atik 213 konstitisyon ayisyen 1987 amande a te prevwa li, pwopoz

yon refleksyon kritik sou zèv Yves Dejean ap pèmèt nou analize epi pote limyè sou travay li yo parapò avèk enstitisyon sa a epi tou sou sitiyasyon sosyolengistik lang kreyòl la.

Ki ensidans zèv Dejean genyen sou domèn lengistik, edikasyon, ak alfabetizasyon ann Ayiti ? Ki sa Iv Dejan pote kòm eleman teyorik ? Èske pwennvi teyorik li yo fè deba yo vanse nan domèn kreyolistik la? Kòman Dejean kontribiye nan tablisman yon sistèm grafik prèske tout moun aksepte nan kominote ayisyen an ak nan dyaspora a ? Kòman moun wè refleksyon otè a nan «*Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* », paregzanp, pou oryantasyon sistèm edikatif ayisyen an ?

Pwopozisyon yo dwe base sou twa (3) aks ki soti nan travay Iv Dejan yo.

A. Deskripsyon kreyòl ayisyen an ak lòt lang kreyòl yo ;

B. Lang, politik lengistik ak edikasyon fòmèl ann Ayiti ;

Ch. Alfabetizasyon ann Ayiti : bilan, anje ak pèspektiv.

Anpil chèchè travay sou tematik sa yo. Nou ka site, paregzanp, tèz Suzanne Comhaire Sylvain ki parèt an 1936 sou deskripsyon mòfolojik ak sentaksik kreyòl la ; *Philologie créole* Jules Faine nan (1937) ; *Haitian Creole Sound-System, Form-Classes. Texts*, Gérard Férère (1974) ; *Comment écrire le créole d'Haïti*, Yves dejean (1977, 1980) ; *Langues, éducation et société en Haïti*, Pierre Vernet (1984) ; *Créole et Enseignement Primaire en Haïti* de Albert Valdman et Yves Jospheh (dir.) (1980) ; *Creole grammars and acquisition of syntax : The case of Haitian*, Michel DeGraff (1992) ; *Aspects de la phonologie du créole haïtien*, Jean Robert Cadely (1994) ; *Creole Genesis and the Acquisition of grammar : the case of Haitian Creole* de Claire Lefebvre (1998) ; *Contribution à l'étude de la genèse d'un créole : L'Atlas Linguistique d'Haïti, cartes et commentaires*, Dominique Fattier (1998) ; *Linguistique et créolistique : Univers créoles 2*, Claudine Bavoux ak Didier de Robillard (dir.) (2002) ; *Haitian Creole-English Bilingual Dictionary*, Albert Valdman (dir.) (2007) ; *Syntaxe créole comparée* de Robert Damoiseau (2005, 2012) ; *Grammaires créoles et grammaire comparée*, Anne Zribi-Hertz ak Karl Gadelli (2007) ; *Aspects de la syntaxe de l'haïtien*, Herby Glaude (2012). Men, gen anpil lòt bon refleksyon ki dwe fèt toujou pou yon pi bon konpreyansyon lang tout Ayisyen pale a. Kolòk sa a se yon okazyon pou nou vanse pi plis nan direksyon sa a.

Kolòk sa a ak òganize nan kad 2 laboratwa rechèch ki nan Inivèsite Leta Ayiti : LADIREP (Langages, Discours et Représentations) ak LES / URPP (Langue, Société et Education / Unité de Recherche Pradel Pompilus). Prensipal objektif li se rive pibliye yon liv ki rann travay Pwofesè Yves Dejean omaj pou kontribisyon li nan devlopman rechèch nan lengistik ann Ayiti ak pwoblematik lang ansèyman nan lekòl nan peyi a. Nan okazyon kolòk la menm, nou ap resevwa kontribisyon ki dwe patisipe nan konpozisyon liv la.

Pami sijè nou ta ka abòde yo, nou ka site :

- Fonoloji, mòfoloji, semantik, sentaks lang kreyòl yo ;

- Etid dyakwonik lang kreyòl yo ;
- Itilizasyon lang nan lekòl ak nan Inivèsite ;
- Devlopman pwogram “literasi” ak “nimerasi” nan lekòl ann Ayiti ;
- Eta rechèch yo sou kòpis kreyòl ayisyen an;
- Amenajman ak politik linguistik ;
- Akademi kreyòl ayisyen ak devlopman lang lan ;
- Alfabetizasyon ak devlopman lang kreyòl ayisyen an ;
- Pratik kreyòl ayisyen nan kominote dyasporik yo.

Nou ankouraje pwopozisyon sou deskripsyon kreyòl ayisyen (li ka tou sou lòt kreyòl yo) sou plan fonolojik, mòfolojik, semantik, sentaks.

Pwopozisyon kominikasyon an dwe anonim (yo pa dwe pote non moun ki soumèt li a). Li kapab an kreyòl ayisyen, an franse ou an angle epi yo ta dwe an polis *Times New Roman* 12, entèling senp, sou fòm yon rezime 3000 karaktè maksimòm (referans ladann). Ou dwe voye li bay komite òganizasyon an nan fòm *doc* nan adrès imel: colloque.dejean@gmail.com

Nan objè imel la, ou va endike non ou epi Kolòk Dejan rezime

Kò mesaj la ap gen enfòmasyon sa yo :

- Non otè a oubyen otè yo
- Enstitisyon li manm
- Rezime a
- 5 mo kle

Komite òganizasyon an ap kominike ou desizyon evalyatè yo (akseptasyon oswa refi) anvan 15 novanm 2014.

Kalandriye aktivite yo

10 jen 2014	Lansman apèl pou kominikasyon an
15 septanm 2014	Dat limit pou voye pwopozisyon kominikasyon yo
Avan 15 novanm 2014	Repons komite òganizasyon an
15, 16 et 17 avril 2015	Dewoulman kòlòk la nan Inivèsite Leta d Ayiti

Kòlòk la ap dewoule nan twa lang : kreyòl, franse, anglè.

Komite òganizasyon

John Picard BYRON (Université d’Etat d’Haïti, Haïti)

Rogéda Dorcé DORCIL (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Gilberte FEVRIER (Université Québec a Montréal, Canada)
Herby GLAUDE (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Renauld GOVAIN (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Rochambeau LAINY (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Joseph Georges MARCEL (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)

Komite syantifik

Jean-Robert CADELY (Florida International Université, Floride, USA)
Robert DAMOISEAU (Université des Antilles et de la Guyane, France)
Michel DEGRAFF (Massachussetts Institute of Technology, USA)
Yves DEJEAN (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Gilberte FEVRIER (Université Québec a Montréal, Canada)
Guillaume FON SING (Université Paris Diderot, France)
Herby GLAUDE (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Renauld GOVAIN (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Rochambeau LAINY (Université d'Etat d'Haïti, Haïti)
Michael RINN (Université Bretagne Occidentale, France)
Juliette FACTHUM-SAINTON (Université des Antilles et de la Guyane, France)
Frédéric TORTERAT (Université de Nice, France)
Albert VALDMAN (Indiana University, USA)